

**IJAMBO RISHIKIRIJWE NA NYENICUBAHIRO UMUKURU
W'IGIHUGU C'UBURUNDI MU GUHIMBAZA UMUSI MUKURU
W'ABAKOZI N'AKAZI, KU WA 1 RUSAMA 2022**

- **Bavukanyi mwese,**
- **Barundi, Barundikazi;**
- **Bakozi namwe Bakoresha mwese,**

- 1. Imbere ya vyose, munkundire tubanze gushimira Imana Mushoboravyose, Yo Mukozi wa mbere yatunganije ibiboneka n'ibitaboneka, ikaba ari na yo Mukoresha Mukuru wacu, yatugize ico turi, ikaduha iyerekwa, akazi, intumbero n'insiguro y'ubuzima bwacu. Tutari kumwe na Yo, nta kazi twoshobora. Nihabwe icubahiro imyaka yose.**
- 2. Itariki ya mbere Rusama irashitse, aho twifatanya n'ibindi bihugu mu guhimbaza umusi mukuru mpuzamakungu w'abakozi n'akazi. Mu Burundi, uyu musu twawugize Umusi Mukuru udasanzwe kuko dukeneye gukora cane ngo twirihe umwanya twataye mu bihe bigoye Uburundi bwagiye buracamwo. Ni Umusi Mukuru twebwe Abarundi dusanzwe duhimbaza twongera dukengurukira Imana, kuko ari yo iduha amagara, ubuhinga, ubwenge n'ubukerebutsi ngo dutunganye ivyo yadutoranije.**
- 3. Kw'izina ry'urwego nshingwabikorwa rw'igihugu no kw'izina ryanje nyene, ndipfuriye abakozi bese umusi mukuru mwiza w'abakozi n'akazi. Ni ubabere umusi mukuru w'akanyamuneza, umusi mukuru wo kubona imbere kugira ngo dutere iyindi ntambwe.**

➤ **Banyakwubahwa mwese,**

4. Uyu musu ni akaryo keza ku bakozu n'abakoresha ko kuzirikanira hamwe ivyo twaranguye, ingene twabiranguye n'ibikenewe guhinyanyurwa kugira ngo dutere iyindi ntambwe mu kugwiza umwimbu.

Ni co gituma icivugo c'uyu musu ari na co tuzirikana muri kuno kwezi kwa Rusama cashingiye kuri iyi ngingo ngo: **IGIKORWA COSE KIBONEKERE KU MWIMBU, UMURUNDI WESE ARORANIRWE.**

Erega ni vyo, umuntu ntiyororanirwa atagira umwimbu yikorako. Kwongereza umwimbu, ni ijambo twari tumaze imisi tunganirako; uno musu kukaba ari ukurinoganza ku buryo budasanzwe, biturutse ku mvo zibiri nyamukuru:

✓ **Imvo ya mbere ikomoka ku vyo twebwe nyene Abarundi twibonera. Igisata c'igihugu gikurikirana iterambere ry'Uburundi (Agence Burundaise de Développement) caraye kitugabishije, kitwereka ko Abarundi tuguma dusuma ivyo abo mu bindi bihugu bihinguriye, natwe tutiyumvira gushorera hanze umusesekara w'umwimbu wacu. Iryo bigaca bituma ifaranga ryacu ritaduga agaciro.**

✓ **Bisubiye, imvo igira kabiri yatumye dushimikira kuri iki civugo ni uko vyibonekeza ko tutimenye ngo dukore tugwize umwimbu, bishoboka ko twobura Shinge na Rugero, tugasigara twifumbereje. Iryo tubifatira ku bimaze imisi biba kw'isi, aho ingwara zitari bwaboneke zugaranye ibihugu vyose, gusumira hanze bikaba ingorane. Biriko kandi biribonekeza ko n'imishamirano hagati y'ibihugu vyo kw'isi bihindura ukuntu abantu tubaho, kandi ugasanga ibihugu bifise isaganirizo rito ngo bihangane n'ikena ry'ibintu.**

5. Muri uno mwaka w'2022 rero, umusi mukuru w'abakozi n'akazi ushitse mu Burundi no kw'isi yose turi mu bihe bigoye. Twari tukiriko turagwanya ikiza karanda c'umugera wa Korona, none haciye haduka intambara ihindura vyinshi mu guhanahana ibidandazwa kw'isi. Kubera urusobekerane n'urufatangane rw'imigenderanire, urudandazwa n'ubuhinga kw'isi, ibintu biriko birabera ku birometero vyababa 6000 bica bihindura ukubaho kw'Abarundi, bikadusigamwo imvune, bigashobora no kodusubiza inyuma ku ntambwe twari tugezako.
6. Uyu musu rero ni akaryo kabereye ko kwibaza, kuzirikana no gutora inyishu kandi zibereye igihugu cacu, ku bibazo vyari bisanzwe biduhanze, hamwe n'ivyadutse. Ntibibereye ko ibiriko biraba kw'isi biduhwikira tukavyakira uko nk'ibihwiji. Ariko kugira ngo tumenye ingene twivyukiranya, dusubire turabe neza: Mbega tuvuye he? Twari tugeze he? Imigambi twariko turubaka ni iyihe? Mbega twokwitako umwikomo ko tutavyiteguriye, ngo bidusange tumeze magabo?
7. Ubwa mbere nagomba gukeza nongera nshimira Abarundi bose ku butwari berekanye mu kubuza ko ikiza Korona virusi kidutesha ikivi. Mwarahabereye abagabo, murerekana ko ico Umurundi yitumye, kitamunanira. Ivyo vyerekana ko dufise umwitwarariko ku bikorwa, ko hagize ikidutesha gukora twoba duhombye. Ni uwo mwitwarariko utuma rero umwimbu wiyongera.
- Ntibibereye rero ko mu bihe turimwo ducika inkokora ngo dusubire inyuma nk'ibirenge, kubera ko tubuze iki canke kiriya bitewe n'ibiza bidushikira. Ahubwo turabe ingene ibihe turimwo twobikamisha iterambere, ridafatiye ku kuzimba benewacu, ariko rifatiye ku kugwiza ivyo dushora hanze kugira ngo natwe,

naho ibintu bizimvye, dushobore kuzana ivyo tutihingurira ngaha iwacu.

- **Bavukanyi,**
- **Barundi, Barundikazi;**
- **Bakozi, Bakoresha mwese,**

8. Dusimbize, turabire hamwe uruhara rw’umw’umwe kugira tube mu gihugu twese turoraniwe. Muri vyose, ikiruta ibindi ni ukuba umukozi. Umwe wese akikora ku vyo yabiriye akuya.

- **Bavukanyi,**

9. Kwitwa Umukozi ni iteka rikomeye. Mbega iryo teka ni kuki bamwe barironka abandi ntibarironke? Inyishu y’iki kibazo iri muri iki kibazo gikurikira: Mbega none, hari umuntu Imana itahaye ingabirano?

Tubimenye neza kandi tubizirikane kuko hari abahuba bakavyihendako; umukozi si uwukorera Igihugu, Ishirahamwe canke uwikorera ivy’iwe. Umuntu wese akora ikintu kikamuha umwimbu umutunga ni umukozi.

Ni co gituma tunegura umuntu yicara aho imyaka igahera, iyindi ikaza ngo arindiriye ko bamuha akazi. Hari n’abivugira ko badakora kuko badatonda ku kivi c’igihugu canke kwa senaka ngo bahembwe ukwezi guheze. Nagomba ndabahishurire bavukanyi: kurya tuvuga ko “ubugabo bwihabwa”, ni tumenye ko n’akazi karihabwa. Ni tujijuke rero.

10. Aha iwacu ni ibintu bigaragara, ubuzi bwinshi abantu baburengana babubona canke batabubona, ahanini kubera kubugaya. Akazi ni igikorwa cose kivuye mu bugwaneza,

hanyuma umwimbu uvuyemwo ukaguha kubaho neza . Ntihagire rero igikorwa twirengagiza kiretse ubusuma.

Ariko uyu musu ushitse dushimishwa n’uko biboneka ko Abarundi bariko baragira umuzirikanyi ukanura, naho hakiriho abahumaguza. Umuntu yiyumvira ni we agira iyerekwa. Abantu batanguye kwiyumvira ico bazokora bakiri ku ntebe y’ishure barererwa, kuko baba batanguye imikenyuro yaco hakiri kare. Si ku ntebe y’ishure gusa biyumvirira imikenyuro, incabwenge zikomeye ziyumvira ingene zizotunga ubuzima bwabo bakiri bato. Mbere ahanini ishure ni iryo kukwugurura amaso kugira nawe uvumbure rwawe. Umuntu arigira no ku bandi, bigatuma atera imbere mu bushobozi.

Ni co gituma mpamagarira Umurundi wese kuguma araba imbere kugira amenye ico ashaka kuba muri kazoza kiwe; akishiramwo mu muzirikanyi ko kazoza kiwe katari mu minwe y’abandi, ahubwo kari mu minwe yiwe. Gurtyo ace amenya ko ata wumwiyumvirira kuko uwo yari yiteze na we ariko yiyumvira ivy’iwe. Umuntu atiyumvirira ubuzima bwiwe, asaza ashonje kuko aruhira kuba umukozi w’abandi, aho kwiteza imbere agateza imbere shebuja.

11. Ariko nanje ndaguye ndagarutse, birashika hakaba n’abantu bakorera abandi kubera babuze uko bagira, nkumbure kubera uburyo bwo gutanguza umugambi wabo babukenye. Bisubiye, n’abafise imigambi barakeneye abahinga babinonosoye kugira bawushire mu ngiro. Ni co gituma umukozi n’umukoresha ari magiriranire. Mbere novuga ko bose ari abanyamitahe mu mugambi.

Bimeze uko rero ni ngombwa ko nyene umugambi n’umukozi mu mugambi bakora bumvikana, nti habe umuja na sebuja. Umukozi nakore ashizeko umwete kugira umugambi wunguke kuko iyo bungutse batera imbere bose.

12. Ariko hariho abiyita abakozi ariko mu vy'ukuri biboneka ko baje kurya ivya gusa. Abo ni bamwe ataco bashoboye ariko bagashaka aho bicara kandi bagahembwa. Ntibashire agati mu ryinyo ngo bazokwama batega amaboko badashoboye gukora. Burya ni uko batarisuzuma neza, nta muntu n'umwe abuze ico ashoboye. Barafise umutahe ngendanwa Imana yabaremanye, ubuzima, umutima w'ubwenge isi n'ibiri kuri yo vyose. Ni bamenye ko nabo babakoresha bataba bashoboye vyose, ahubwo baze barabigirako inzira bacyemwo. Gutyo ku bikorwa haca haba nko mw'isomero rizogusohora nawe ukikorera ivyawe.

➤ **Benewacu,**

13. Reka tubivuge tubisubire; turiko turavuga ko ibikorwa ari vyo bigira iterambere ry'umuntu ntitwibagire kandi ko n'igihugu gitezwa imbere n'ibikorwa vy'abantu bakibamwo. Igihugu ntigihararira inyungu nk'ishirahamwe kuko inyungu yaco ni ubuzima bwiza bw'abenegihugu. Tumaze imisi twumva Abarundi batari bake bidodomba ko igihugu cacu cataye iteka kubera ubukene gifise. Birumvikana, kuko abenegihugu ni abana mu muryango. Ntawonezerwa yumvise hanze bavuga ko mu muryango wanyu muri aboro. Kanatsinda umugabo yubahirwa ingene mu rugo iwe vyifashe. Uburundi bukenye, n'Abarundi icubahiro cabo kiragabanuka naho iwawe woba uharura ibitagenda. N'aho rero reka tuhahagarare turabe neza ivyo ari vyo.

Si ivy'imbeshere, Uburundi burakenye ariko si ubworo nyakuja. Ni ubukene bushobora gukira umwanya uwo ari wo wose kuko vyose bituvako twebwe Abarundi. Igikenewe ni ukumenyesha amahanga ko Uburundi ari igihugu kimera, mu kubereka ivyo

cimbura. Kugira babibone, babirabira ku mwimbu igihugu gifise. Uwo na wo akaba ata handi ubonekera atari mu biri mu kigega. Amakori dutanga mu kigega c'igihugu n'ingene abenegihugu babayeho muri co, ni vyo vyerekana uko igihugu cifashe.

- 14. Kugira ngo biboneke ko Uburundi bwifise, dutegerezwa kuba dushoboye kwiyubakira amabarabara, kwubaka amashure meza, gutanga amatara n'amazi, kwubaka amavuriro, ndetse tugafata neza Abarundi biyemeje gukorera igihugu, gurtyo na bo baroranirwe. Ivyo na vyo ntibishoboka tudatanga amakori, ayo nayo akaba ava mu mwimbu w'ibikorwa vyacu. Murumva ko ari uruhererekane ruguma rugaruka: Igikorwa-iterambere.**

Kugira kandi igihugu kigire amikoro yo gukora ivyo navuze hejuru, ni ngombwa ko duhingura itunga kama Imana yaduhaye. Ivyo na vyo bisaba kandi ko tuba dufise incabwenge z'abahinga babinonosoye. Ni co gituma inyigisho z'ubuhinga ari nkenerwa mw'iterambere ry'igihugu. Ariko murumva ko n'ubu ayo masomero atokwubakwa bitavuye mu bikorwa vyacu. Kandi n'ayo mahinguriro nyene atangurwa n'uburyo buvuye mu makori y'abenegihugu. Ndetse n'abigisha ntiboboneka ataco igihugu kibasahiriza mu buzima bwabo.

Ngo karahara mu ruganda ntibacura, umwenegihugu aguma asabwa gukora kugira aronke ubuzima, yongere ateze imbere igihugu.

- 15. Umurundi wese agize uruhara mw'iterambere ry'igihugu, akamenya ko kugira igihugu gitunge biva kuri we, kandi ko igihugu gitunze azohakura akunguko, nta nkeka igihugu kizohindura ishusho. Ni muri iyo ntumbero mu nyigisho zo gukunda no gukundisha igihugu twahinduye umukenyuro, tugashira inguvu ku mirwi y'abantu twahisemwo kandi twitondeye nk'Abakenyezi, Urwaruka, Incabwenge, Abarundi**

baba hanze y'igihugu n'abandi. Aha ni ukugira ntihagire uwusigara inyuma mu bikorwa, kugira igihugu cacu kigire iteka mu yandi mahanga. Ntihagire rero uwuvuga ngo igihugu ni kimenye, kikumenya kuko nawe wacibutse, kuko kiguha k'ubwo wanzuye.

16. Aha ndazi ikibazo uwo ari we wese aca yibaza kubera akahise kacu kabi mu gutunganya itunga ry'igihugu. Muti kugira dutange amakori, dukeneye intwaro ibereye, ishobora kubungabunga itunga rusangi, rigakora ku neza y'abenegihugu bose. Ivyo ndabibemeyere, tubivugako rumwe kandi murazi ko ubu burongozi mbereye umuyobozi bwagize intwaro ibereye umuheto w'urugamba rwo kugwanya ubukene. Nawenu! Turazi ko atawokwemera ko azana umwimbu mu kigega rusangi ngo hanyuma uramire abatawubiriye akuya. Ni co gituma ngaha ari akaryo ko kuvunira akagohe abakorera igihugu kugira bakore ibishoboka vyose gurtyo bakomeze umwizero hagati y'uburongozi n'abenegihugu.

17. Ntihagire uwibaza ngo ntibamubona, ngo yishinge kurya ivyabo yicaye. Abitwa ko bakorera igihugu hanyuma bakarya bicaye, ni bo batuma abatanga amakori bacika inkokora. Uretse kurya ivy'igihugu wicaye, ubunebwe ni yo nkomoko yo kurya ibiturire, kubera uwukeneye ico umukorera, ahitamwo kuguhendahenda akaguha agahimbazamusyi kandi wahembwa kugira umutunganirize. Ni mwibaze namwe kuba umwenegihugu yaramaze kuguha impembo ngo umukorere, ugaca umwaka impembo igira kabiri. Ni ho tuvuga ko igiturire ari umwansi w'iterambere, kuko utwo abenegihugu bari bifitiye duherera mu mifuko y'abantu.

- 18. Si ivyo gusa, ubunebwe mu bakorera igihugu ni inkomoko y'ubukene, kubera abenegihugu aho kuja ku bikorwa birirwa bicaye aho indongozi zikorera hanyuma bagataha uko. Uretse n'uko kwirirwa banamyeye, hagera kuronka inyishu bakabarenganya, bigatuma bazembagirika baja kwitura urwego rwo hejuru. Murumva ko umwimbu wabo uca ugabanuka kuko bataronse umwanya wo gukora.**
- 19. Ikindi kizira ku mukozi w'igihugu ni ugusesagura canke kunyuruza itunga rusangi. Twomenya ko ari ryo tunga tuzeyeko iterambere, ko kizira rero ko rija mu mufuko w'abantu bamwe bamwe. Iryo tunga rinyuruzwa canke rigasesagurwa ni uruhombo rukomeye, ni kimwe mu mvo zituma abatangakori badebukirwa kuko babona ko ata kamaro ko gutanga ikori, bagaca ndetse batangura gucisha ubutunzi bwabo mu kinywabi kuko batabona akunguko batanze ikori.**
- 20. Turazi ko iyo turiko tugwanya ivyo vyose mvuze hari abo bikomeretsa ku mutima kuko bari baramenyereye kugabangana itunga ry'igihugu. Ni co gituma ibi mvuga biraba twese, baba abakorera igihugu, baba n'abikorera ivyabo. Muri aba, twovuga abahawe ubutare bagashora hanze, bagurisha bakishirira mu mifuko yabo canke abahabwa amasoko ku biciro vy'umurengera. Abo bose bomenya ko iyo ngendo ari yo ituma igihugu kiba gikene. Umusi bazobihagarika, umwe wese akarya ivyo abiriye akuya, igihugu kizotera imbere.**
- 21. Muri iyo ntumbero, twame dufise ku muzirikanyi ya ngingo ngenderwako ngo: "Umwe wese azane ubushobozi bwiwe, umwe wese ahemberwe ivyo yakoze". Mbere ni iyo ngingo igiye**

kutugenga, cane cane twebwe abemeye gukorera igihugu, mw'ikoreshwa ry'uburyo buzohora butangwa uko umwaka utashe.

22. Tubeho tubizi ko kuva ubu, ibwirizwa rigenga uburyo ibisata vy'igihugu bizokoresha rishingiye ku ntumbero yo guha uburyo ibizokorwa, kandi ko ku kiringo cose, imbere yo kwongerwa ubundi buryo, igisata cose kizobanza kwerekana ico uburyo caronse ubwa mbere bwakoreshejwe. Ivyo biraba ibisata vyose vy'igihugu, vyaba ivy'inze nkuru canke mu makomine. Ni nk'uko igisata cose c'igihugu gitegerezwa kwerekana amahera yose cinjiza n'ingene ayo mahera azokora. Muri make dushaka ko amahera yose aboneka mu kigega c'igihugu kandi ko yose akora ivyo abenegihugu bakeneye.

23. Duteye akamo abo dufashanya mu bijanye n'iterambere ry'abenegihugu, kudufata mu mugongo mu kwemera tukajana muri iyo nzira. Twipfuzaba abadusahiriza kugira dutere imbere, tureke kubaruhisha imyaka yose. Twihaye intumbero yo gukura amaboko mu mpuzu, tugwize umwimbu, gurtyo tubone gutezurira abama na ntaryo bafasha Uburundi kwisununura ariko bukaguma hahandi nk'akabande. Ni muri iyo ntumbero twaharashe, tukabona aho twohera, ari aha mu burimyi n'ubworozi.

➤ Benewacu,

24. Mu vyo dukora vyose tuzirikane ko uburimi ari ryo rembo ry'iterambere mu gihugu. Uburimi ni bwo butunze ubuzima bw'abantu bose kuko ni bwo bubagaburira. Uburimi ni co gikorwa ca mbere gitanga akazi kuri benshi. Iyo ugize umwete mu kurima, uraronka umusesekara ujana kw'isoko. Umuguzi na we aba abaye nk'umukoresha kuko umuha umwimbu na we akaguhaha amafaranga twokwitiranya n'impembo. Uburimi rero tubushira mu bikorwa bihambaye bituma abantu benshi imifuko ibomboka bagaha bakikenura.

25. None rero, reka mbonereho gusaba ko ata Murundi ashitse mu bigero yobaho atagira akarima kugira ngo dufungure ivyo twirimira, hanyuma umusesekara tuwushore mu yandi mahanga gurtyo turonke ya mahera mvamakungu atuma natwe dusuma ivyo tutihingurira.

- **Barundi, Barundikazi;**
- **Bakozi, Bakoresha mwese,**

26. Mu myaka yahera, umusi mukuru w'abakozi n'akazi wahimbazwa ku buryo butandukanye mu gihugu c'Uburundi. Mu makomine yo mu gihugu hagati, wari umusi mukuru wo guhaya ivyo abantu baranguye, umwimbu n'ubuhinga. Mu bisagara bikuru bikuru vy'igihugu, icaza imbere ntikwaba guhaya umwimbu, kuko abaserukira amashirahamwe y'abakozi babona ko ikiza imbere ari ugushikiriza akababakiye, bakerekana ibitagenda neza kandi basaba Reta akarusho. Uwo musi wamengo ni uwo kwidodomba, berekana ko igihugu kibariye, mbere uwubirabira hafi yabona ko bariko baratabaza.

27. Aho tugeze ubu ntibikabe uko. Ubu turi mu gihe co gutegerana kuko igihugu ni twebwe tukigize, hageze aho dusuzuma ahubwo ingene umugambi w'itunganywa ry'ibikorwa

wifashe. Ni vyo, mu bikorwa, ico dushira imbere mu ntumbero, ni umwimbu ariko n’uwo mwimbu kugira ngo uboneke hategerezwa kuba hari ukwizerana hagati y’umukozi n’umukoresha. Iyo habaye ukutumvikana naho baritura uwubumvikanisha ata wukoresheje ingimba. Ni co gituma inzego z’igihugu ari kirumara mu gutunganiriza abakozi n’abakoresha. Ibi rero bituma twibaza uruhara rw’inzego z’igihugu mu gutunganya ibijanye n’akazi.

28. Tubanze turabe ico ari co umukozi n’umukoresha. Umukoresha ni we nyene umugambi, agahamagara umuhinga kuwushira mu ngiro. Uwo awushira mu ngiro ni umukozi. Abo babiri bafitaniye imigenderanire ikomeye kuko badashize hamwe, umugambi ntaco uvamwo. Umugambi na wo utunguka, ntaco uba umaze, nyenewo ahitamwo kuwuheba. Ishirwa mu ngiro ry’umugambi ritegerezwa kuzanira inyungu umukozi n’umukoresha kugira ngo bose bunguke: Nyene umugambi arindiriye inyungu iva mu mwimbu, umukozi na we arindiriye impembo. Iyo umugambi ukozwe nabi, bompi baba bahomvye.

29. None abakozi n’abakoresha ubwo ivyo bavyumva kumwe? Ubwo umukozi ntashaka ko naho inyungu itoba yabonetse, ahembwa mu mutahe? Canke nyene umutahe wewe ntashaka kwirundira inyungu akibagira abayirondeye? Canke kugushaka inyungu y’umurenge, ntakoresha abakozi akavunamafyigo impembo ikaba intica ntikize kandi abakozi bahebeyeko amagara yabo yose? Ivyo ni vyo bibazo abakozi n’abakoresha baba bakwiye gusuzuma kugira ngo urunani rwabo rubemwo impore.

30. Kugira ngo bigende neza, ni ngombwa ko abakozi, kubera ubwinshi bwabo bagira ishira hamwe kugira bashobore kugira ababaserukira ku musu ku musu iyo babona ko hari icyo boshikiriza. Ariko ngaha nagira mbonereho gukebura: ayo mashira hamwe y'abakozi si ayajejwe guharanira inyungu z'abakozi gusa. Bategerezwa kuguma basuzuma, atari gusa ibibabangamiye mu bikorwa, ariko bakiga n'ivyotuma umwimbu ugwira mu bikorwa bajejwe, kuko harimwo no gucungera ibungabungwa ry'ubutunzi mw'ishira hamwe, kugira ntirihenuke ngo batahe zirayoye kandi ari ho bazeye uburaro n'uburamuko. Bahamagariwe na none kwama bashira hamwe abakozi n'abakoresha, bagakora bumvikana. Iyo habaye amatati naho bakitura inzego z'igihugu kugira zibumvikanishe.

Ni ngaha duca tubonera uruhara rwa Reta mu bijanye n'itunganywa ry'ibikorwa.

31. Ubwa mbere ni uko inzego z'igihugu zitegerezwa gushinga amategeko n'amabwirizwa ngenderwako mu bijanye n'akazi kugira ngo akinge amatati ashobora kuvyuka hagati y'umukozi n'umukoresha. Ayo mategeko yisunga ibijanye no kwubahiriza abakozi ahanini kuko kenshi usanga abakoresha bashaka gufata abakozi nk'abaja babo. Ariko kandi amategeko ntiyoreka no gukingira amashira hamwe kugira ngo abakozi ntibabe abakora bicaye ngo bahembwe mu mutahe ataco binjije kuko impera n'imperuka ishira hamwe ryohenuka.

32. Ubwa kabiri, inzego z'igihugu ni umuhuza hagati y'umukozi n'umukoresha mu gihe hadutse amatati. Ni co gituma dukwiye gutegera akamaro k'amashira hamwe y'abakozi bakorera mu bisata vy'igihugu.

Tubanze tumenye ko igihugu atari ishishamwe ry'umugwi w'abantu. Mbere twovuga neza ko igihugu atari umukoresha ahubwo ni uwutunganiriza abantu.

Birumvikana rero ko abakora mu nzego z'igihugu bafise ubutumwa bwo gufasha amashirahamwe y'abantu gutunganya ibikorwa mu mwumvikano hagati y'umukozi n'umukoresha.

33. Tuvuge rero ko amashirahamwe y'abakozi bo mu bisata bitandukanye ari yo amenya uko abakozi bakora mu mashirahamwe, asa n'ayo abo bakozi b'igihugu bakoreramwo, ari bo bazi neza icokorwa kugira ngo ayo mashirahamwe aramire abakozi bayo kandi n'abakozi bayo bakore bunguka. Ishirahamwe ry'abakozi bo mu gisata c'amagara y'abantu ni bo bofasha inzego z'igihugu gutorera umuti abakozi bakorera mu bitaro ibi canke biriya. N'abo mu gisata c'inyigisho ni ko kw'uko, bategerezwa gufasha inzego gutora umuti mu mashirahamwe afise amashure.

Muri make ayo mashirahamwe si yo aba akwiye gusaba inzego z'igihugu kuko na bo bazikoramwo; ahubwo aba ashikiriza uburongozi bw'igihugu ico babona cokorwa kugira mu gihugu hatunganywe neza ibijanye n'ibikorwa bitandukanye.

34. None ubwo niko bimeze? Nk'ishirahamwe ry'abigisha rihora rishikiriza ubushikiranganji bw'indero icokorwa kugira urugero rw'ubumenyi mu bana bigishwa ruduge? Canke ubwo baraja hamwe n'ubushikiranganji bw'indero ngo berekane isuzumwa ry'ingene abigisha bamerewe ku kazi kabo n'inyishu bitora ku bibazo baba bafise? Ako ni nk'akarorero ntanze kugira ngo amashirahamwe y'abakozi bakorera mu bisata bitandukanye amenye ico ajejwe gukora kuko twabonye ko abayagize hari aho bibagira uruhara rwabo imbere y'abenegihugu, bakibagira ko ari abakozi baserukira igihugu

hanyuma bakigira abari inyuma bajejwe guhangana n'igihugu baserukira.

35. Ubu rero turipfuzaza cane ko twohindura ivyiyumviro vya kera vyatubuzaza kumenya uwo dukorera, hanyuma twumve ko dukorera igihugu duserukira kugira abenegihugu batere imbere mu buzima bwabo. Reka ndabishimangire, uwukorera Reta, ni ukuvuga igihugu, ntiyaje kurondera kwiteza imbere, yaje kurondera guteza imbere ubuzima bw'abenegihugu. Abo na bo bateye imbere barahereza bagateza imbere itunga rusangi, mbere n'ikigega c'igihugu, ari na co kigaruka kigateza imbere abenegihugu bose n'abakozi ba Reta barimwo. Ni co gituma twashize imbere gukomeza kuja inama kugira ngo tumenye ingene twifata mu bukene canke mu butunzi bwacu ata guhishanya.

36. Muri icyo ntumbero tukaba dushima ukuntu turiko turakorana n'amashirahamwe y'abakozi, tukaganira tuja inama n'ingingo igihe cose bikenewe. Na cane cane ku vyo kera twakorako tugasha, nk'ingene twotunganya impembo y'abakozi n'ibindi. Nagira mbere nsubire no kubizeza ko iyi ngendo twafashe, itazosubira inyuma, tuzokwama na ntaryo twicarana, ibihari tubitunganirize hamwe ku neza ya bose; ata bihari naho tubimenyere hamwe, tuyakire kumwe. Erega icyo twese tuzi ko twakehanywe, niho tugira ingoga zo kubirwiza, igikuru ni uko tuba dusenyera ku mugenzi umwe twese.

37. Aha duca twumva akamaro ko gukora ngo abenegihugu bagwize umwimbu. Ni twese abakozi ba Reta dutegerezwa gukora ibishoboka vyose kugira ngo abenegihugu bikorera ivyabo batunge kandi batunganirwe. icyo umwimbu wabaye muke

mu gihugu, twebwe abakozi ba Reta ni twebwe tuba dukwiye gutangura kuririra abenegihugu aho kwiririra ngo dushaka akarusho ku mpembo.

- 38. Aho mpagaze ni aha: N’ubu nyene nidushire imbere guhaya umwimbu twimbuye, duhiganwe mw’iterambere, hanyuma ikintu cose kitagenda neza turabe tukiganire, ata gusimba inzego, kandi ata gushikuza kuko ni mwebwe nyene mujejwe izo nzego. N’iyo bibananiye gutorera inyishu, mwomenya ko urwego rwo hejuru mugiyeko rugizwe nyene n’abakozi ba Reta. Ico babarushije ni uko babarongoye gusa.**

Icihuta gusumba rero, ni ukwitanga tukarwiza umwimbu, kandi twimbuye vyinshi tukaronka umusesekra dushora hanze, nta nkeka ivyo twipfuzaza vyose ko bihinduka kandi bizohindukirira neza twese, ku neza yacu twese atawusigaye inyuma. Erega itunga ry’igihugu nta handi rigenewe atari mu benegihugu, na twebwe abakozi b’igihugu turimwo. Ariko rero, ntidukore umutima utari mu nda kuko tugeze kure mw’iterambere no mu gutunganya itunga rusangi, tukaba tubona ko mu misi iri imbere twese tuzobona akarusho.

- 39. Mu gihe tumaze turiko turakorana inguvu zidasanzwe ngo umunwa wose uronke ico urya, umufuko na wo uronke amahera, turashima ko abakozi benshi bamaze kwumva no gutahura akamo tudasiba kubatera ko gukora imigambi yunguka, ikungukira abenegihugu. Ndetse n’iruhande y’akazi kabo ka misi yose, abakozi batari bake baratanguye kwigirira imigambi yabo kandi ibasahiriza mu muryango.**

Turashima ukuntu indongozi zafashe iya mbere mu kurima no mu kworora kijambere, gurtyo zikaba imboneza mu kugwiza umwimbu aho bavuka canke aho bakorera, hakaba hariho n’abariko barashinga udushirahamwe duto duto two guhingura umwimbu;

40. Turashima abagwizatunga batanguje imigambi itandukanye, abariko barubaka inganda, amasoko yo kudandarizamwo, amazu yo kwakiriramwo ingenzi, n’ibindi. Cane cane turashimira abagwizatunga bamaze kwijukira kwunga urunani n’amakoperative y’abenegihugu mu kugwiza umwimbu kugira bongere bawuhingure. Ni co kimwe n’abariko baribwiriza gutanguza imigambi yo gutanga akazi kenshi, kuko dushaka ko ubuzi burwira mi gihugu. Aha ntitwokwibagira n’abiyumviriye ishirahamwe FOMI rihingura umwavu kugira abenegihugu n’amakoperative bagwize umwimbu.

41. Turashima ko Abarundi benshi bamaze kwiyounganyanya mu gukorera mu makoperative, abantu benshi bakaba bariko baragwana no kuziganya umwimbu hamwe no kurondera isoko. Turashima ko mu mibano henshi bakiranye urweze integuro yo gushira hamwe amatongo ngo yorohe gutunganirizamwo uburimyi.

Turashima abahinga, na cane cane mu rwaruka, bariko baratora ubuhinga buzotuma igihugu cacu gitera intambwe nini mw’iterambere kandi bugatuma Uburundi bumenyekana, tugashimira cane cane urwaruka rwagiye imbere mu gufata amadeni mw’ibanki yarwo BIJE, kandi tukaba turiko turabigirako ibitari bike.

42. Turashima ukuntu mu ntara nka zose bitabiriye akamo ko kurima amashamba y’ibirare, kandi tuboneyeho akaryo ko

kubavunira urugohe ngo ntibigere basiga isi igaragara na rimwe, bame bitwararika gutera ibiti bibana n'indimo kugira ngo isi igume ifutse yoye kuguma yuma. Ni nk'uko tugiye kugira ibiganiro n'abafise amatongo yabananiye kurima kugira tuje inama ingene ayo matongo atoguma yicaye ngaho kandi hari abenegihugu babuze aho barima kandi babishashaye.

- **Bavukanyi,**
- **Barundi benewacu,**

43. Iryo dushima ni vyinshi kandi ari na vyo biduha icizere ko ejo ari heza dushingiye kuri uwo mutahe dufise. Kera incabwenge zidakora mu nzego z'igihugu wamengo ntaco zifise zoterera mw'iterambere, mbere abakorera hanze y'igihugu wamengo bobo ntituri kumwe. None ubu biriko birahinduka tukaba dushima ukuntu incabwenge z'Abarundi, na cane cane abakorera hanze y'igihugu, bariko baraterera bimwe biboneka mu guhindura ibintu mu Burundi, haba mu nyigisho, haba mu kuzana ivyiyumviro bishasha, gurtyo bakaba bariko barafasha mu guhindura ingendo.

44. Murazi kandi ko n'amazi asumira kw'ibuye, ata mahoro n'umutekano biri mu gihugu nta gikorwa na kimwe twokora, ivyo twaravyiboneyeko. None aho tugeze ubu, turabona ko Abarundi bose bagize umutekano umwitwarariko wabo, naho intovyzi zitobura. Naho abiziziwe n'imitima mibi batabuze, turashima cane ingene abajewe umutekano baguma barikanuye ku mpande zose z'igihugu, maze Abarundi bakajya ku mirimo kandi bagakora umutima utekanye.

45. Igikorwa c'abajejwe umutekano, abajejwe intwaro ntibahengeshanya kugikamisha, bagakora batiziganya ngo Abarundi baje ku kivi ari benshi kandi bakorane discipline, ata wurengera akarimbi uwundi kandi ata wononera uwundi. Muri iyi myaka ni nk'igitangaza kuko n'inzego z'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka baravuye mu mirwa mikuru baja kuremesha abenegihugu ku kivi, ivyo bikaba ari imbonekarimwe mu Burundi. Turabakeje kubona na bo barategereye ko Reta nkozi bidasigura urwego nshingwabikorwa rw'igihugu rukozi, ahubwo ari igihugu kiri ku kivi. Ni akagohe bakubitiye abahora bicara mu ntebe zabo bakahashinga imizi, ubu Umurundi wese ategerezwa kuja ku kivi, atidodomba.

46. Ni ivyo mwibonera, Reta Nkozi iriko irakora ibishoboka vyose ngo iterambere ry'Uburundi rishingire ku mushinge ukomeye, haba mu gushiraho poritike ibereye n'amategeko bijanye, haba mu gutunganya imibano gushasha canke gutegura inyubako zijanye n'ibihe bishasha turimwo. Ni co gituma, muri uyu mwaka w'2021-2022, mu vyo Reta y'Uburundi yaranguye, harimwo ibi bikurikira:

47. Yaratsimbataje, irashigikira yongera irasuzuma imigambi y'amakoperative yo ku mitumba ngo Abarundi bamenyere gukorera hamwe imigambi y'iterambere. Yaremeje poritike y'imishahara ikuraho ubusumbasumbane mu mishahara y'abakozi ba Reta mu kiringo c'imyaka icumi, kandi ingingo mperekeza zigiye kujaho imbere y'ukwezi kw'indwi 2022, kugira invugo ijane n'ingiro.

48. Iki kiringo c’imyaka cumi ndazi ko abakozi b’igihugu bakivugako vyinshi, ariko nabo babonye ayo mahera bijanye n’uwo mugambi barabona ko ari menshi ku buryo n’aho twokwaka ingurane ngo tubikore ubu nyene vyotera imvune ikomeye ubutunzi bw’igihugu. Ngira ngo abanonosoye ibijanye na politike y’ingene ifaranga rita agaciro mu gihugu barabizi. Nk’ubu igica gisuzumwa ni uko ayo mahera mashasha yiyongereye yoba yababa agaciro k’umwimbu twagize uyu mwaka, kugira ingero y’amahera ari mu gihugu ntitosekare ngo umuntu ahawe ajana umuzigo w’amahera agiye gusuma intica ntikize.

Ni co gituma nsaba Umurundi wese gukora yivuye inyuma; umwimbu ukagwira, ntacobuza ko no mu myaka mikeyi twoba tubihejeje. Vyose biva ku mwimbu igihugu coba kironse.

Uko rero umwaka utashe, tuzoza turasuzumira hamwe ingene umwimbu wifashe, hanyuma bigenze neza turabira hamwe ico twokora. Natwe turipfuzako abakozi bakora ata myidogo, ni ho ikivi kiduga, ariko murumva ko vyose bituvako: Iterambere ridukomokako rikongera rikadusubirako, ni yo nzira twihaye.

49. Ikindi twomenya ni uko, uko twiga gutunganya impembo atawuzimvye uwundi, niko tuguma twiga ingene twogabanya abicaye muhira batagira ico bakora, duciye mu kwunganira abagwizatunga ngo batange akazi canke mu gusahiriza urwaruka rufise imigambi, no mu bisata bimwe bimwe bikeneye abakozi, turagerageza gutanga akazi aho bishoboka hose dufatiye ku mikoro igihugu gifise.

50. Nk’uyu mwaka, biciye mu murwi w’igihugu ujejwe gutanga akazi, ubushikirangaji bw’abakozi n’akazi ka Reta bwaratunganije ibibazo ku barondezi b’akazi mu ntumbero yo

gutanga akazi mu bisata bibiri ari vyo: Ubushikiranganji bw'indero n'ubw'amagara y'abantu.

Abarondezi b'akazi bangana igihumbi (1000) bakaba bararonkejwe akazi mu gisata c'indero hamwe n'abangana amajana abiri na mirongo ibiri na bane (224) bo mu gisata c'amagara y'abantu.

Ikinezereje ni uko jewe nyene navyikurikiranaye kugira ntihagire uwuhabwa akazi biciye mu biturire canke ka mwana wa mama. Naho atawushimisha bose, twarabonye ko imyidogo yabaye mike gusumba uko vyahora.

51. Ibindi twobamenyesha kandi Reta yaranguye ni ibi bikurikira:

- Yarabandanije igikorwa co kumenyekanisha itegeko rishasha rigenga abakozi n'akazi risubirira iryahahora mu gisata c'abikorera utwabo n'amashirahamwe yegamiye Reta, igikorwa n'ubu kibandanya.**
- Yarashizeho amategeko mperekeza y'itegeko rishasha rigenga abakozi n'akazi, igikorwa n'ubu kibandanya.**
- Iciye k'Ubushikiranganji bw'abakozi n'akazi bufadikanije n'Ishirahamwe Mpunzamakungu ry'akazi OIT, buherutse kwemeza igitabu cerekana isura y'igihugu cacu mu bijanye n'amagara y'abakozi n'umutekano wabo, aho bakorera (Document de Profil National en Santé et Sécurité en milieu du travail). Ico gitabu kikaba kizodufasha gushiraho mu misi iri imbere Poritike y'amagara meza n'umutekano ku bakozi no ku kazi. (Politique Nationale de Santé et Sécurité en milieu du travail).**

- **Yaratunganije igikorwa co gusuzuma impamyabushobozi z'abakozi bo mu Bushikiranganji bw'Indero. Mu mpamyabushobozi 1644 zasusumwe, 7 basanze ari iza magendu. Amadosiye y'abafashwe yararungitswe mu butungane kugira bakurikiranwe n'ubutungane bishuzwe amafaranga bivuye Reta angana 82.378.498 y'amafaranga y'amarundi.**

- **Barundi, Barundikazi;**
- **Bakozi, Bakoresha mwese,**

52. Igihe tugezemwo ni igihe gihambaye cane ku gihugu c'Uburundi. Ni igihe dutegerezwa kwerekana umutima wo gukunda igihugu tukagikorera twivuye inyuma, gukoresha ubwenge n'ubukerebutsi bwacu kugira dukore imigambi ifise amerekero.

53. Ibihe ibihugu bitari bike vyo kw'isi biriko biracamwo, biraboneka ko ibihugu vyinshi bihanzwe n'ibiriko biraba. Ikiza Korona Vurusi carateye, ibihugu vyose biriyugarana, iyo Imana itatwosha tukaronka ubwenge kare, tukarima, inzara yari kutugira imiseka. Kare intambara mu bihugu twazibona ibisanzwe, kuko zagirira ingaruka ababa muri vyo ariko ubu biribonekeza ko atari uko. Twari tumenyereye igihugu kanaka gitera intambara hariya, bigenzi vyaco bikagishigikira, ibindi bihugu bikabibona ibisanzwe kuko wamengo biraba ico gihugu. Mugabo ivyibonekeje uno mwaka, ni uko iyo igihugu cinjiye mu ntambara, ibindi bihugu bigaca bigifatira ibihano ruhasha, ivyo bihano bica bidukorako twese kw'isi yose, n'ababishizeho barimwo. Aha rero ni bitubere icigwa, uko iri kwose intambara ni mbi; itera amaganya, igatera inzara.

54. **Ntidusamare rero. Twige kuba turamenyera kwibako kuko ak'imuhana kaza imvura ihise, ni ivyo mwebwe nyene mwibonera. Kandi ntihagire uwutakaza umutima wiwe, ngo ate ubwoko ngo atirimuke kuko muri twese ntawe ivyo vyago vyavuyeko, ariko tuvuyikoreye twese. Iki ni igihe co kwerekana ko dukunda igihugu koko, tugume tuzirikana inzira yo kuvyaza umusaruro amikoro dufise, ari ryo tunga kama Imana yaduhaye, kuko isoko rirahari, amahanga ararikeneye. Tumaze imisi tubizirikana, mu Burundi dufise amikoro menshi amakungu azokenera, ni co gituma hatogira uwusamara ngo ate Uburundi mu kaga.**
55. **Abarundi dutegerezwa kwiga ukuntu twogira akigoro nko mu gihe c'intambara nyene. Sindabasavye kwegeraniriza amahera canke imfungurwa uyu canke uriya, ndabasavye gukora kurusha uko twahora. Ikizokiza Abarundi ingaruka mbi z'intambara iriko iraba mu bihugu vy'Uburusiya na Ukraine, ni ibikorwa. Gukora kurusha uko twahora, ni ko kigoro ndabasavye. Harakenewe akigoro kadasanzwe, mu bisata vyose vy'ubuzima bw'Igihugu.**
56. **Nk'uko mubizi, uno mwaka twawuhariye Uburimyi. Igice kinini c'abarimyi mu Burundi, ntigisaba igitoro mu kurima. Ahubwo turime cane, abandi bazoze gusuma iwacu, batuzaniye amahera mvamakungu azotuma natwe turonka igitoro naho coba kizimvye. Harakenewe rero akigoro kadasanzwe mu gisata c'igihugu kijejwe uburimyi, kugira ngo tugume twimbura vyinshi no mu gihe ikirere kitagenze neza. Ivyo bigasaba ko abahinga baguma ku kivi, bagume barereka amazi yose ava mu mitumba, ntashike mu mwonga atavomeye imirima; gurtyo duhangane n'ibihe imbere yuko dushikirwa n'ingorane.**

Bisaba kandi ko ingingo twafashe zo guhindura ibintu mu gisata c'uburimi tuzitsimbataza, abantu bose baterera muri ico gisata na bo bagakora neza umwe wese ico ajejwe. Abatororokanya umwavu babikore ku gihe, abahingura imbuto zirobanuye bibe uko nyene, ntidusubire kwumva abidoga ngo babuze ibikoresho. Ndasavye abo bose babona batakoze neza ku gihe giheze bivukiranye, barondere ingene baba aba mbere mu gihe c'irima gikurikira. Ikibi si ukugwa, ikibi ni uguherayo.

57. Ngo akari mu mpene ni ko kari no mu ntama, ako kamo ndagateye kandi abakozi b'igihugu bakorera mu bisata bitandukanye. Iki ni igihe co kwivukiranya na cane cane ko dutanguye ingendo nshasha, aho uko ikiringo c'amezi atatu giheze inama nshikirananyi izoza irasuzuma ivyakozwe vyose mu bisata vyose. Uwahora akorera mu mwijima amenye ko umuco wamwinjiranye, ejo akazobona bamusezerera kuko ahembwa gusa, ntaze avuge ngo ntiyagabishijwe. Ngo inkware zisezerana mu masesa, kandi ngo igipfa caburiwe ni impongo. Ndasubiramwo, igipfa caburiwe ni impongo, si umuntu. Uwiciye amatwi nawe, si jewe nohahera. Ni mufate aho mugeze nk'umutahe kugira muzoshobore kwerekana intambwe mwateye.

- **Barundi, Barundikazi;**
- **Bakozi, Bakoresha mwese,**

58. Twebwe indongozi dushoboye vyinshi, mugabo hari ibintu tudashobora gutunganya neza tudakoreye ku vyiyumviro vy'abaduhanura n'abatunegura. Ni co gituma twemeza tudakekeranya ko uruhara rw'amashirahamwe aharanira agateka n'inyungu z'abakozi ari ntangere. Ibibazo bitari bike badutuye igihe duheruka guhura n'ababaserukira vyaratunganyijwe n'inzego zitandukanye, ibindi biriko birigwa

kandi vyitondewe. Hariho mbere n'ibisata vyatwibukije ko twavyibagiye kubera bifise amategeko yavyo abigenga.

Nashaka ndemeshe ababona ko ibibazo vyabo bitariko biratorerwa umuti ku murindi bipfuzza, ndabasaba kwihangana, no kuguma mu ngendo nziza yo kuja inama n'ingingo yamye iranga Abarundi.

Ibibazo bitaratorerwa umuti, inzego zitandukanye zobandanya zibumviriza mutorere hamwe, umuti urama. Turi kumwe nta kidashoboka kandi mumenye ko ibibazo vyanyu ari vyo bibazo vyacu. Ico twemeye ni uko twicara hamwe tukabitorera umuti kuko akatavuga ntigahenda akavuga. Muri ukwo kuja inama n'ingingo, tugume twibuka ko turi Abarundi, batabwirizwa kwibagira akaranga kabo: Kugumya umutima no kudashira isoni. Dutegure ahubwo imitima yacu mu gukora kuko muravye ibiriko biraba hirya no hino kw'isi, murabona ko hariho ibimenyetso vyerekana ko mu misi iri imbere hashobora guhinduka vyinshi mu buzima bw'abakozi. Ni co gituma twotangura kubaho dufatanye mu nda, kuko nyamucamwo yama afatira umwigeme ku mbanyi.

- Barundi, Barundikazi;
- Bakozi, Bakoresha mwese,

59. Imbere yo gusozera, nashaka ntange impanuro nkurikije ivyiyumviro nabashikirije uyu musu, mpereye cane cane ku ndongozi:

- a) Mu migambi mutunganya kurangura, yaba iyikoresha amahera y'igihugu canke ayo dusahirizwa n'abagenzi, ntegetse mwebwe indongozi guhagararira inyungu z'igihugu aho ari hose, mu gihugu hagati canke hanze y'igihugu. Ibintu vyo kubanza gukuramwo rwawe nimubihebe, ntaho bizodushikana.

b) Kugira dutsimbataze intwari ibereye, umuntu wese yatewe iteka ryo kuba Umuyobozi Mukuru w'igisata c'igihugu, nafate akanya imbere y'uko umwaka Reta ifatirako mu gukoresha amahera uhera, akoranye abo ajejwe, bisuzume, binegure bongere banegurane, hanyuma bafate ingingo yo guhindura ingendo.

Nsavye ko icegeranyo c'ibizoba vyavuyemwo vyonshikira imbere y'itariki 15 z'ukwezi kwa gatandatu, kibanje kwerekwa Ubushikiranganji mukukira hanyuma na we agishikirize ubuyobozi bw'umushikiranganji wa mbere, kugira tugisuzume turabe icokorwa gishasha kugira turamire abenegihugu.

Muri icyo cegeranyo, Umuyobozi wese ategerezwa kwerekana icyo yakozwe kugira ngo igihugu gitere intambwe mu gisata ajejwe, ntigisubire inyuma canke ntigihombe.

c) Ndasubiye kwibutsa Abarundi bese, abakozi n'abakoresha bakorera mu Burundi no hanze y'igihugu ko iki gihugu ari Uburundi, dutegerezwa kwitwara nk'Abarundi mu vyo dukora vyose, na cane cane tukarangwa n'Ubuntu.

Ntihagire Umurundi asubira kwica umwano canke ngo ace umwano igihugu c'Uburundi: Uburundi buratunze, hasigaye ko Abarundi bamenya gutunganya ubutunzi bwabo no guhingura ivyo Imana yabahaye.

Bamenye ko izo zibika zari amagi. Aha turi abo bavuga ko batunze barahaciye, Imana yabo ni yo Mana yacu. Dukuye amaboko mu mpuzu nta nkeka, Uburundi burahagurutse, kandi dutegerezwa gushikira kw'ihangiro: Uburundi bwifashe mu makungu mu 2040.

60. Izo mpanuro muzifashe nkama, urwego nshingwabikorwa rw'igihugu ruzokwama rubateze ugutwi, kandi tugume turondera inzira yo gukarahiriza ubwenge abakozi n'abandi

bariko bariyungunganya kugira twese tugire ubushobozi bukwiye mu bikorwa vyacu.

61. Mu gusozera, nashaka menyeshe ko hagiye kujaho amategeko yerekana akarangamutima k'Umukozi wa Reta y'Uburundi (Code d'Ethique d'un Fonctionnaire Burundais) kugira ngo umwe wese abone neza inyifato ibereye umukozi w'Umurundi, atahure neza ko hariho kirazira, gurtyo dukorere igihugu ata wusigaye inyuma, Uburundi bugire izina mu makungu.

Nta handi iterambere ry'igihugu rizova atari kuri twebwe nyene Abeneburundi.

62. Ndangije nsubira kwipfuriza Abarundi bose, Abakozi n'Abakoresha, Umusi mukuru mwiza w'Abakozi n'Akazi.

IMANA IHEZAGIRE UBURUNDI N'ABARUNDI

IMANA IHEZAGIRE IVYAVUYE MU MABOKO YACU.

MURAKOZE MWESE.